


BABAGIAN SASTRA SUNDA

DUMASAR WANGUNNA



DUMASAR ASAL-USULNA

Sampakan

Sampeuran



DUMASAR PERIODISASI



Klasik
(buhun)

Mutahir
(moderen)

CARA NEPIKEUNANA (MEDIANA)

Lisan

Tinulis



Karya Sastra Sunda

1. Dongeng
2. Mantra
3. Pantun
4. Sisindiran
5. Pupujian
6. Kakawihan
7. Pupuh
8. Guguritan
9. Wawacan
10. sawer
11. Carita Wayang
12. Sajak
13. Carpon
14. Novel
15. Carita Drama



Dongeng

1. Fabel → dongeng sasatoan → Sakadang Kuya jeung Monyet
2. Parabel → dongeng jalma biasa → Si Kabayan
3. Legenda → Sasakala → Sasakala Tangkuban Parahu
4. Mite → dongeng alam goib/mistik → Nyi Roro Kidul
5. Sage → dongeng sajarah → Dongeng Kean Santang



Mantra

1. Asihan/pelet → sangkan dipikaasih
2. Ajian → pikeun kasakten, kabedasan
3. Singlar → paranti nyinglarkeun kasakit, siluman
4. Jampe → paranti ngubaran kasakit
5. Jangjawokan → paranti menta kasalametan samemeh migawe hiji pagawean
6. Rajah pamunah → sangkan teu kakeunaan ku hal-hal nu teu dipikahayang, upamana kapalingan, teluh, jst.




Pantun

Ciri-cirina:

1. Rajah → bagian bubuka
2. Nyaritakeun raja-raja (pajajaran)
3. Galur caritana: miang → ujian → mulang
4. Aya unsur carita (saperti novel): tema, galur, latar, tokoh carita.
5. Dipagelarkeunana dipirig kacapi
6. Nu mantun (baheula) biasana lolong
7. Dipaglarkeun pikeun salametan/ngaruat
8. Conto carita pantun : Ciung Wanara, Lutung Kasarung, Munding Laya Di Kusumah



Sisindiran



1. Rarakitan

*Mun teu tulus ka paseukna,
ka pancirna oge hade.*

*Mun teu tulus ka lanceukna,
ka adina oge hade.*

2. Paparikan

*Baju kutud heureut pola,
dikelin teu dijalujur.*

*Lamun teu cucud sakola,
arisiin balik ka lembur.*


3. Wawangsalan

*Teu beunang di situ lembur,
teu beunang diulah-ulah. (kulah)*

*Bale direka masigit,
nya pikir bati rumanjug. (tajug)*



Pupujian



Kakawihan

- Kakawihan → kawih murangkalih → patali jeung kaulinan barudak
- Kakawihan → seni sora → rumpakana puisi
- Sumebarna tatalepa → teu kanyahoan saha nu ngarangna
- Conto:

*Hompimpah alaikum gambreng,
Ma Ija make baju rombeng.*

*Dal del dol,
perkedel nyendol.*

*Cingkorokok bodogol cau,
ucing nu ngokok boolna bau.*



Pupuh, Guguritan, Wawacan

Ugeran/patokan pupuh:

1. Guru lagu → sora vokal saban tungtung padalisan/baris.
2. Guru wilang → jumlah engang (suku kata) saban padalisan/baris.
3. Guru gatra → jumlah padalisan/baris saban pada/bait.
4. Watek → gumbira, kasmaran, amarah, perang, banyol/heureuy.
5. Jumlah pupuh 17 (sekar ageung: KSAD)
(sekar alit: 13 pupuh)
6. Pupuh mimiti asup ka tatar Sunda abad ka-17, mekar pisan ahir abad ka-19.

Guguritan


1. Guguritan ukur ngagunakeun hiji pupuh.
2. Dikarangna rada panjang, biasana sababaraha pada/bait.
3. Ngagambarkeun hiji kaayaan/kajadian.
4. Conto karya: *Wulang Krama*, *Wulang Murid* karya R.H. Muhamad Musa, *Asmarandana Lahir Batin* karya R.A. Bratawijaya *Dangdanggula Laut Kidul* karya Kalipah Apo.

Wawacan

1. Caritana panjang.
2. Ngagunakeun sababaraha pupuh.
3. Aya unsur carita: tema, galur (plot), latar (setting), tokoh.
4. Conto karya: *Wawacan Purnama Alam* karya R. Suriadiredja, *Wawacan Rengganis* karya H. Abdusalam, *Wawacan Angling Darma* karya R.A.A. Martanagara...
Wawacan Sulnajana, *Wawacan Amir Hamzah*, *Wawacan Ogin Amar Sakti* (anonim),
jste.



Sawer



Pakakas sawer:

1. Beas
2. Duit
3. Koneng disiksikan
4. Permen

Sawer sunatan & kawinan biasana dilaksanakeun di panyaweran/buruan

Carita Wayang

1. Asalna ti India
2. Babon caritana *Mahabrata* & *Ramayana*
3. *Mahabrata* nyaritakeun terah Barata, dikarang ku Viyasa, panjangna 200.000 jajar (sa'ir pangpanjangna sadunya).
4. *Ramayana* nyaritakeun Batara Rama, dikarang ku Valmiki, panjangna 48.000 jajar.
5. Duanana aya unsur perang rongkah, marebutkeun bebenran jeung kaadilan.
6. *Mahabrata*: Pandawa X Kurawa
7. *Ramayana*: Batara Rama X Dasamuka (Rahwana)

